



Konsèy sou Politik

Tit Politik la: Mizajou Politik Lisans Rezidansyèl

Nimewo Politik la: RP-26-01, RP-26-02, RP-26-03, RP-26-04, RP-26-05, RP-26-06, RP-26-07

Dat Piblikasyon: 14 Me 2026

Dat Antre an Vigè: 17 Novanm 2026

Lyen Politik la: <https://www.mass.gov/lists/licensing-policies-for-residential-and-placement-programs>

APÈSI JENERAL

EEC te pibliye Estanda ajou pou Lisans Pwogram Rezidansyèl k ap Sèvi Rezidan ak Jèn Paran yo, ki antre an vigè 17 Out 2026. Pou akonpaye nouvo règleman yo, EEC ap mete ajou politik ki deja egziste yo epi kreye nouvo politik pou sipòte plis objektif nouvo règleman yo: modènize epi senplifye langaj la, amelyore klate, epi enkòpore yon apwòch ki baze sou prèv pou lisans pwogram rezidansyèl yo. Konsèy politik sa a bay yon apèsi sou mizajou politik yo ki pral antre an vigè ansanm avèk nouvo règleman lisans yo nan dat 17 Out 2026.

APLIKABILITE

Politik sa yo aplike pou tout pwogram rezidansyèl EEC bay lisans yo.

MIZAJOU KLE NAN POLITIK KI DEJA EGZISTE YO

- **Ankèt Entèn yo:** Mizajou politik Ankèt Entèn 2022 a, ki bay plis detay sou egzijans EEC pou politik ak pwosedi ankèt entèn pwogram yo. Anplis, seksyon “Gid Pèsonèl” la retire epi devlope kòm yon politik apa (gade anba a).
- **Retire ak Retounen Anplwaye yo Sispèk de Abi oswa Neglijans:** Mizajou seksyon “Gid Pèsonèl” politik Ankèt Entèn yo pou reflekte pwosesis aktyèl BRC a epi bay plis detay sou pwosedi obligatwa pou rapò ki depoze avèk DCF ak DPPC.
- **Blesi Grav nan Swen Rezidansyèl:** Mizajou politik 2008 sou Blesi Grav nan Swen oswa Plasman Rezidansyèl la pou reòganize epi refòmante li pou amelyore lizibilite epi bay pwogram yo yon definisyon blesi grav.
- **Restriksyon an Pozisyon Vant:** Mizajou Politik Otorizasyon Restriksyon an Pozisyon Vant 2016 la pou modènize langaj la epi amelyore klate.
- **Pòt Chanm nan Pwogram Rezidansyèl yo:** Mizajou politik Pòt Fèmèn/Fèmèn ak Kle 2003 a, ki defini sikonstans kote pòt chanm yo dwe rete ouvè epi san kle, ansanm ak kondisyon kote pòt chanm yo ka fèmèn oswa fèmèn ak kle.

NOUVO POLITIK YO

- **Itilizasyon Kamera Siveyans nan Pwogram Rezidansyèl yo:** Nouvo politik ki dekri nouvo egzijans regilasyon EEC pou politik ak pwosedi pwogram yo konsènan itilizasyon kamera siveyans.
- **Dosye Elektwonik:** Nouvo politik ki etabli estanda pou itilizasyon dosye elektwonik nan pwogram rezidansyèl yo pou asire konfòmite regilasyon, kontinite aksè, ak pwoteksyon enfòmasyon konfidansyèl yo.

MIZAJOU ANNATANT POU POLITIK PLASMAN YO

Nan ka kote politik rezidansyèl ki anwo yo ranplase yon politik ki deja egziste ki aplikab ni pou pwogram rezidansyèl ni pou ajans plasman yo, ansyen politik la ap rete an vigè sèlman pou ajans plasman yo. EEC nan pwosesis pou repibliye politik sa yo pou klarifye nouvo aplikabilite yo sèlman pou ajans plasman yo:

- Politik Ankèt Entèn ak Gid Pèsonèl ki te pibliye 22 Mas 2022
- Politik Blesi Grav nan Swen oswa Plasman Rezidansyèl ki te pibliye 25 Septanm 2008

DEMODE

Politik ki anwo yo ranplase politik EEC sa yo pou pwogram rezidansyèl yo:

- Politik Ankèt Entèn ak Gid Pèsonèl ki te pibliye 22 Mas 2022
- Politik Blesi Grav nan Swen oswa Plasman Rezidansyèl ki te pibliye 25 Septanm 2008
- Politik Otorizasyon Restriksyon an Pozisyon Vant ki te pibliye 8 Septanm 2016
- Politik Pòt Fèmen/Fèmen ak Kle ki te pibliye 26 Mas 2003